O’ZBEKISTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

TARIYX HA’M HUQUQ FAKULTETI

HUQUQTANIW KAFEDRASI

# REFERAT JUMISI

## Tema: Nizamlar jer huqiqinin’ deregi sipatinda

## JER HUQIQI PA’NINEN


**İlimiy basshı:** **O.Utegenov**
Huqiqtaniw kafedrasi docenti, yuridika ilimleri kandidati

**Orınlag’an:** **A.Bazarbaev**
yurisprudenciya qa’niygeligi
3-kurs studenti


No’kis-2014

## Tema: Nizamlar jer huqiqinin’ deregi sipatinda

**Rejesi**:

K i r i s i w

I Bap. Jer huqiqinin’ dereklerine uliwma sipatlama

1.1. Jer huqiqinda derekler tu’sinigi

1.2. Jer huqiqi dereklerinin’ tu’rlerge bo’liniwi

II Bap. Nizamlar jer huqiqinin’ tiykarg’i deregi sipatinda

2.1. O’zbekstan Respublikasinin’ Konstitutsiyasi jer huqiqinin’ tiykaqrg’i deregi sipatinda

2.2. Jer huqiqina baylanisli qabil etilip atirilg’an nizamlar jer huqiqinin’ derekleri sipatinda

Juwmaqlaw

Slayd

Test

Paydalanilg’an a’debiyatlar

# K i r i s i w

Jer ha’m og’an baylanisli qatnasiqlar ha’r bir ma’mlekette sotsiyal-ekonomikaliq ha’m siyasiy realliqlardin’ orayinda turiwshi ma’sele esaplaniwi jerdin’ sotsiyalliq, ekonomiklaiq , siyasiy ha’m huqiqiy a’hmiyetinen kelip shig’adi. Sol sebepli jan’adan payda bolip atirg’an O’zbekstan Respublikasi o’z g’arezsizligin jariyalaw waqtinda jer ha’m jer asti bayliqlari, suw, o’simlik ha’m haywanat du’niyasi ma’mlekettin’ qorg’awinda boladi ha’m ol ma’mlekettin’ milliy baylig’i dep ja’ryalaniwi jerdin’ qa’nsheli itibarg’a iye ekenliginen derek beredi. Tariyxta ko’plegen patshalar, sarkardalar jer ushin qanshama atlanislar urislar alip barg’an, al qanshama ata babalarimiz ana jerin dushpanlarga berip qoymaw ushin janlarin qurban etip sawashqa shiqqan.

Demek, siyasiy ha’kimyatqa iyelik qilg’an sotsiyalliq ku’shler jer ha’m onin’ bayliqlarina qarata o’z ha’kimyatin ornata almasalar, olar qolg’a kiritken bul ha’kimyat tamirsiz terek siyaqli boladi. Sonin’ ushinda ma’mleket usinday normalardi engizip qoyipti.

Jer huqiqinin’ tiykarg’i derekleri sipatindato’mendegi normativ huqiqiy hu’jjetlerdi misal etip ko’rsetsek boladi: O’zbekstan Respublikasi Konstitutsiyasi, O’zbekstan Respublikasi Jer kodeksi, O’zbekstan Respublikasinin’ “Ma’mleket jer kadastri haqqinda»g’i nizamilardi ko’rsetiwimiz mu’mkin.

Prezident İ.A.Karimov "Ozbekstan buyuk kelajak sari" atlı miynetinde atap otkenindey oraylıq aziyada jer alla taalanın biybaha baylıgı, ol adamlardı bagadı, tikkeley diyqanshılıq penen baylanıslı shanaraqlarda emes al belgili bir awıl xojalıgı menen

baylanıslı barlıq tarawlar ha'm onın' jemislerinen toyınıp turg'an respubliqanın' barlıq xalqı parawan turmıs keshiriwi ushın materiallıq tiykar jaratadı, bul menen bir waqıtta jer ulken baylıq bolıp g'ana qalmastan mamlekettin' keleshegin belgilep beretug'ın faktor bolıp ta esaplanadı.

Jerden parıqsız paydalanıw almaslap egiwge amel qılmaw jerden ilimiy tiykarda paydalanbaw topıraqtın' agrotehnikalıq qag'ıydalarına amel etpew zıyanlı ximikatlardı ko'p mugdarda isletiw topıraq onimdarlıg'ının' to'menlewine alıp keledi.

## I Bap. Jer huqiqinin' dereklerine uliwma sipatlama

### 1.1. Jer huqiqinda derekler tu'sinigi

Ha’r bir pa’n, huqiq tarawi o’z dereklerine iye bolip, usi derekler tiykarinda rawajlang’aninday, ma’mlekettin’ joqari wa’killik organi ha’mde wa’killikli mekemeleri ta’repinen qabil qilingan normativ-huqiqiy hu’jjetler jer huqiqinin’ dereklari bolip esaplanadi. Jer huqiqinin’ deregi sipatinda qaralip atirilg’an huqiqiy hu’jjet to’mendegi talaplarg’a juwap beriwi kerek:

Wa’killikli ma’mleket organlari ta’repinen qabil qilinganligi;

1. Belgilangan shen’berde majburiy a’hmiyetkeiye boliwi;

2. Jerden aqilg’a muwapiq paydalaniw ha’m qorg’aw qag’iyda-talaplardi belgilewi;

3. Rasmiy forma, du’ziliw, a’mel etiw mu’ddetleri ha’m basqa atributlarg’a iye boliwi.

Jer huqiqinin’ derekleri degende - jerge baylanisli huqiqiy mu’na’sebetlerdi ta’rtipke saliwshi qag’iyda talaplardan ibarat bolg’an, jerden aqilg’a muwapiq paydalaniw ha’m oni qorg’aw , topiraq o’nimdarlig’in tiklew ha’m asiriw, ta’biyiy ortaliqti asraw ha’m oni qorg’aw , yuridikaliq ha’m fizikaliq shahslarnin’ jer u’shastkalarina bolg’an huqiqlarini qorg’awdi ta’minlew menen baylanisli sotsiyalliq mu’na’sebetlerdi ta’rtipke soliwda xizmet qilatug’in nizamshiliq hu’jjetleri tu’siniledi.

Jer qatnasiqlarin ta’rtipke saliwshi konistitutsiyaliq normalar, O’zbekstan Respublikasi nizamlari, O’zbekstan Respublikasi Prezidenti hamda Ministrler Kabinetinin’ pa’rman ha’m qararlari, Arnawli wa’killikli ma’mleket basqariw organlari ha’mde jergilikli ma’mleket

ha'kimyat organlarinin' normativ hu'jjetleri jiyindisi jerge baylanisli nizamshiliq hu'jjetleri sistemasinin quraydi.

## 1.2. Jer huqiqi dereklerinin' tu'rlerge bo'liniwi

Jer huqiqinin' dereklari ken' qamrawli sotsiyalliq mu'na'sebetlerdi ta'rtipke saliwi ushin da olardi to'mendegishe klassifikatsiyalaw mumkin:

1. Yuridikaliq ku'shi boyinsha dereklar:

- nizamlar
- nizam asti normativ hu'jjetlerige bo'linadi;

2. Jer baylanisli mu'na'sebetlerdin' ta'rtipke saliniw jo'nelisleri boyinsha:

- jerlerdi qorg'aw nizamshilig'i;
- jer resurslarinan aqilg'a muwapiq paydalaniw nizamshiligi;

3. Huqiqiy ta'rtipke saliw jag'dayi boyinsha:

- materiyalliq
- protsessual a'hmiyetdagi nizamshiliq hu'jjetleri;

4. Nizamshiliq hu'jjetlerinin' sistemasi boyinsha:

-a'piwayi

-kodifikatsiyalasqan dereklar;

5. Nizamshiliq hu'jjetlerinin' qo'llanilishi shen'beri boyinsha: - aymaqliq, respublika ko'leminde, xalqaraliq ko'lemdegi dereklar ha'm tag'i basqa tu'rlerge bo'linedi.

Jer nizamshiliq hu'jjetleri birinshiden, ta'biyattin' ustin nizamlarin jamiyet - ma'mleket nizamshiliq hu'jjetleri menen mujassamlantiradi;

ekinshiden, jerlerdi qorg'aw ha'm olardan paydalaniwnin' huqiqiy jag'dayinin belgilew ha'm kepillewde basqa huqiq tarawlari yag'niy konistitutsiyaliq huqiq, ha'kimshilik huqiq, miynet huqiqi, finans huqiqi, awil xojaliq huqiqi siyaqlilardin' nizamshiliq hu'jjetleri qag'iyda-talablaridan na'tiyjeli paydalanadi.

Jer nizam hu'jjetleri quramali sistemag'a iye bolip, o'z mazmun-ma'nisine ko're biz olardi u'yreniwde an'sat boliwi ushin u'sh tiykarg'i bo'limge bo'lemiz:

1. Jer huqiqinin' konistitutsiyaliq tiykarlari;
2. Jer tarawidag'i O'zbekstan Respublikasinin' nizamlari sistemasi;
3. Jer tarawidag'i nizam asti normativ hu'jjetler sistemasi.

## II Bap. Nizamlar jer huqiqinin' tiykarg'i deregi sipatinda

## 2.1. O’zbekstan Respublikasinin’ Konstitutsiyasi jer huqiqinin’ tiykaqrg’i deregi sipatinda

Tiykarg’i Nizamimiz O’zbekstan Respublikasinin’ Konstitutsiyasi jer huqiqinin’ tiykarg’i dereksi bolip esaplanadi. O’zbekstan Respublikasi Konstitutsiyasida jerge baylanisli mu’na’sebetlerdi ta’rtipke saliwshi arnawli qag’iyda-talablar ha’m belgilangan bolip, jer huqiqi dereklarinin’ tiykarin quraydi. Tiykarg’i nizamimiznin’ 50, 54, 55 ha’m 100-statyalarinda ta’biyatti qorg’aw , ta’biyiy bayliqlarimizdan aqilg’a muwapiq paydalaniw menen baylanisli jerga baylanisli huqiqiy qag’iyda-talablar bekkemlengendur.

Tiykarinan, Konstitutsiyamizdin’ 50-statyasinda “Puqaralar qorshag’an ta’biyiy ortaliqqa abaylap mu’na’sebette bo’liwg’a ma’jbu’r” – dep, bekkemlengen bolip, qorshag’an ta’biyiy ortaliqtin’ tiykarg’i ajralmas bo’limi esaplang’an jer resurslarina qarata puqaralardin’ jerge baylanisli majburiyatlarinin belgileydi. “Jamiyettin’ ekonomikaliq negizleri” – dep, atalg’an HII-babta, respublikamiz turmisinin’ ekonomikaliq tiykarlari, yag’niy mulkshilik ma’seleleri, ho’jaliq ju’ritiw ha’m isbilermenlik iskerliginin’ kepillikleri belgilanip, ha’zirgi paytda bazar qatnasiqlarin rawajlandiriwdi a’melge asirip atirg’an reformalardi terenlestiriwdin’ a’hmiyeti o’zgeshe. Konstitutsiyanin’ 55-statyasida “Jer, jer asti bayliqlari, suw, o’simlik ha’m haywanat du’niyasi ha’mde basqa ta’biyiy qorlar uliwmamilliy bayliqdur, olardan aqilg’a muwapiq paydalaniw za’ru’r ha’m olar ma’mleket qorg’awindadur” dep, sawlelengen bolip, ma’mlekettin jerge baylanisli siyasattin’ tiykarg’i printsiplerin o’z ishine aladi. Tiykarg’i nizamimizdin’ XXI-babinda

jergilikli ma'mleket ha'kimyati organlarinin' huqiqiy jag'dayi belgilangan. Usi babtin' 100-statyasida jergilikli ma'mleket ha'kimyat organlari wa'killiklerinin' tiykarg'i jo'nelisi sipatinda - qorshag'an ortaliqti qorg'aw siyaqli juwapkershiligi sa'wlelengen bolip, o'z na'wbetinde wa'layat, qala, rayon ha'kimyat ha'm basqariw organlarinin' jerlerden aqilg'a muwapiq paydalaniw ha'm olardi qorg'awday juwapkershilikti belgileydi. Konstitutsiyadag'i qag'iyda talaplar jerge baylanisli huqiqiy mu'na'sebetler sistemasidagi tiykarg'i printsiplerdi bekkemleydi. Usi konistitutsiyaliq printsipler tiykarinda qorshag'an ta'biyiy ortaliqti qorg'aw ta'biyiy resurslardan aqilg'a muwapiq paydalaniw ha'm xaliqtin' ekologiyaliq qa'wipsizligin ta'minlewge qaratilg'an nizam, pa'rman, qarar, ustavlar siyaqli normativ–huqiqiy hu'jjetler qabil qilinadi.

## 2.2. Jer huqiqina baylanisli qabil etilip atirilg'an nizamlar jer huqiqinin' derekleri sipatinda

Ha'zirgi ku'nda jerge baylanisli siyasatti belgilewshi O'zbekstan Respublikasi nizamlari quramali sistemaga iye bolip, jer-huqiqiy mu'na'sebetlerdi ta'rtipke saliwdag'i o'rnina qarap to'mendegi tu'rlerge bo'liw mumkin:

1. Uliwmaliq nizamlar.
2. Arnawli nizamlar
3. Qorg'aw a'hmiyetidagi nizamlar.

Jerga baylanisli siyasatti belgilewde qatnasatug'in uliwmaliq a'hmiyetke iye bolg'an nizamlar to'mendegilardan ibarat:

1. O’zbekstan Respublikasinin’ Puqaraliq kodeksi ( 1996 jil 29 avgust)

2. O’zbekstan Respublikasinin’ “Ta’biyatti qorg’aw  haqqinda”gi nizami (1992 jil 9 dekabr)

3. O’zbekstan Respublikasinin’ “Qorg’alatug’in ta’biyiy aymaqlar haqqinda»g’i nizami (2004 jil 9 dekabrdagi)

4. O’zbekstan Respublikasinin’ «Tog’ay haqqinda»gi nizami (1999 jil 15 aprel)

Usi nizamlarnin’ a’hmiyeti sonda, birinshiden jerge baylanisli siyasattin’ uliwmaliq jo’nelislerdi belgilewde xizmet qiladi, ekinshiden jerlardan paydalaniw ha’m a’sirese olardi qorg’awda jernin’ ekologiyaliq-huqiqiy mu’na’sebetler sistemasina ayriqsha a’hmiyetke iye bolg’an qag’iyda-talaplardi bekkemleydi.

Jer huqiqidagi arnawli a’hmiyetdegi O’zbekstan Respublikasi nizamlari to’mendegilerdi quraydi:

1. O’zbekstan Respublikasi Jer kodeksi (1998 jil 30 aprel)
2. O’zbekstan Respublikasinin’ “Ma’mleket jer kadastri haqqinda»g’i nizami (1998 jil 28 avgust) ha’m basqalar.

Usi nizamlarda jer resurslarin qorg’aw , odan aqilg’a muwapiq paydalaniw ha’m yuridikaliq ha’m fizikaliq shahslarnin’ jer u’shastkalarina bolg’an huqiqlardi qorg’awdi ta’minlew menen baylanisli sotsiyalliq mu’na’sebetlerdin’ maqseti, waziypasi, obiekt ha’m subiektleri, jer u’shastkalarinin’ huqiqiy jag’dayi, usi tarawda yuridikaliq ha’m fizikaliq shahslarnin’ huqiqlari, ma’jbu’riyatlari, erkinlikleri, kepillikleri ha’m ma’mleket ha’kimyati organlarinin’ wa’killikleri, jerge baylanisli nizamshiliq talablarin buzg’anliq ushun

yuridikaliq juwapkershilik is-ilajlari siyaqli jer-huqiqiy qag'iyda talablari belgilengendur. Sonin' ushin ha'm joqarida aytip o'tilgen O'zbekstan Respublikasinin' Nizamlari jerge baylanisli mu'na'sebetlerdi ta'rtipke saliw ushin qabil qilingan bolip, jer huqiqinin' arnawli deregi sipatinda qaraladi.

Qorg'aw a'hmiyetidagi O'zbekstan Respublikasinin' nizamlari to'mendegilerden ibarat:

1. O'zbekstan Respublikasinin' Ha'kimshilik juwapkershilik haqqindag'i kodeksi (1994 jil 22 sentyabr)
2. O'zbekstan Respublikasinin' Jinayat kodeksi (1994 jil 22 sentyabr)
3. O'zbekstan Respublikasinin' Puqaraliq kodeksi (1996 jil 29 avgust)
4. O'zbekstan Respublikasinin' Saliq kodeksi (2007 jil dekabr)
5. O'zbekstan Respublikasinin' Miynet kodeksi (1995 21 dekabr).

Usi nizam hu'jjetleri h'am jerge baylanisli qag'iyda talaplardi belgilegen jag'dayda jer huqiqidag'i arnawli qag'iyda-talaplar menen baylanisli ra'wishte jer nizamshiligin buzg'anliq ushin intizamiy, ha'kimshilik, jinayaiy, puqaraliq-huqiqiy juwapkershilikti qo'llaw, jerden paydalang'anliq ushin saliq ha'm tu'rli to'lewlerdi to'law menen baylanisli ja'rayanlardi ta'rtipke saladi.

# Juwmaqlaw

Ha’r bir pa’n, huqiq tarawi o’z dereklerine iye bolip, usi derekler tiykarinda rawajlang’aninday, ma’mlekettin’ joqari wa’killik organi ha’mde wa’killikli mekemeleri ta’repinen qabil qilingan normativ-huqiqiy hu’jjetler jer huqiqinin’ dereklari bolip esaplanadi.

Jerlerden paydalanıu har bir jamiyet agzasının zarurligi esaplanadı. sonlıqtan da jerden paydalanıw tartibi mu’ddeti printsipleri bar bolıp jerden paydalanıw huqiqının’ tiykarın belgileydi.

Mamleketimizde keyingi jıllarda qabıl etilgen jerden paydalanıw ha’m onı qorg’awg’a qaratılg’an nızam hu’jjetleri jer baylıqlarına bolgan qatnasıq olardı qorgaw topıraq onimdarlıgın turaqlı asırıp barıw talapların ornatadı ham bul talaplarga amel etiw ilajların belgileydi.

Tiykarg’ı nızamda yag’nıy O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının’ 55-statyasında "Jer jer astı baylıqları suw osimlik ha’m haywanat du’nyası ha’m baska tabiyiy zapaslar ulıwma milliy baylıq olardan ratsional paydalanıw za’ru’r ha’m olar ma’mleket qorg’awında" - dep belgilep qoyılg’an. Joqarıdag’ılardan korinip turg’anınday jerlerdi qorgaw ha’m olardı asırap paydalanıw menen baylanıslı sotsiallıq qatnasıqlarda huqıqıy tiykarların rawajlandırıw putkil jamiyet ushın da ha’r bir ayrıqsha shaxs ushın da a’hmiyetke iye.

## Paydalanılgan adebiyatlar.


1. Karimov İ.A. "O’zbekiston buyuk kelajak sari" T-1996

2. Karimov İ.A "O’zbekston XXI asir bosag’asında qawipsizlikke qawip turaqlılıq shartleri ham rawajlanıw kepillikleri" T- 1999

3. O’zbekstan Respublikasi Konstitutsiyasi.-T.: O’zbekstan, 2012

4. O’zbekstan Respublikasi Jer kodeksi -T. 2008

5. O’zbekstan Respublikasi Jınayat kodeksi -T. 2010

6. O’zbekstan Respublikasi “Hakimshilik juwapkershilik haqqında” g’ı kodeksi -T. 2008

7. O’zbekstan Respublikasi Yuridik ensiklopediyasi -T. 2010

8. Jer huqiqi: Masul muharrirlar Usmonov M.B., Jo’raev Y.O. –T.: TDYuİ, 2002

9. Jer huqiqi darslik M.H.Rustamboevtin’ tahriri ostida –T.: TDYuİ, 2002

10. "Jer huqiqi " paninen lektsiya tekstleri Embergenov İ.J. Nokis-2011.